



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 272 MILYON DOLA POU PWOJÈ AMELYORASYON KALITE DLO NAN TOUT ETA A

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal nan Faz XI la bay finansman pou 179 pwojè pou mete ajou enfrastrikti dlo ki aje, konbat pwoliferasyon alg ki danjere yo, pwoteje dlo potab, epi anpeche kontaminasyon potansyèl

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay plis pase 272 milyon dola pou 179 pwojè pou pwoteje ak amelyore kalite dlo atravè Eta New York. Prim sa yo anplis 196 milyon dola yo te bay 488 pwojè ki soti nan plizyè pwogram Ajans Eta yo atravè Faz XI Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Gouvènè a [ke yo te anonse semèn pase a](#) pou estimile rekiperasyon ekonomik New York apre pandemi an. Yo akòde 272 milyon dola atravè pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Project, WQIP) Eta a ki pral ede amelyore kalite dlo siyifikativman, konbat kontribitè pwoliferasyon alg ki danjere, epi mete ajou enfrastrikti dlo ki aje nan kominote yo atravè Eta a.

"Objektif devlopman ekonomik eta nou an pa kapab reyalize san dlo pwòp pou bwè, rekreyasyon, ak kalite lavi globa ke Nouyòkè yo espere ak merite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman soutni sa yo nan kalite dlo amelyore sante kominote nou yo pandan y ap kreye opòtinite ekonomik gras ak travay ki byen peye, ki dire lontan."

Anons jodi a se pi gwo anons ke yo janm bay atravè pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo a. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Hochul te anonse ke yo te bay plis pase 277 milyon dola nan finansman devlopman ekonomik pou sipòte 585 pwojè ki pare pou demare atravè Eta New York—ou ka jwenn lis konplè benefisyè yo [isit la](#). Finansman an fè pati 750 milyon dola yo te anonse nan kad Faz XI nan inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la.

Gouvènè Adjwen Benjamin te deklare, "Lè ak dlo pwòp se pa yon privilèj, se yon dwa imen epi New York kanpe fèm nan angajman nou pou pwoteje ak amelyore kalite dlo atravè Empire State. 272 milyon dola nan finansman an pral amelyore anpil enfrastrikti dlo pwòp ak dlo ize nou an pandan y ap kreye travay k ap ranfòse ekonomi lokal yo pou ane k ap vini yo."

Pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (WQIP) a se yon pwogram ki administre pa Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation,

DEC) Eta New York la epi ki finanse pwojè ki dirèkteman adrese degradasyon kalite dlo dokimante oswa pwoteje yon sous dlo potab. Sipòte an pati pa Fon Pwoteksyon Anviwònmanal Eta a, pwojè WQIP yo enkli amelyorasyon tretman dlo ize minisipal yo, rediksyon ak kontwòl sous nonpoktyèl non-agrikòl, pwojè akizisyon tè pou pwoteksyon dlo, konstriksyon depo sèl, ak restorasyon koneksyon akwatik ak restorasyon abita maren.

Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare, "Pwoteje bon jan kalite dlo New York fè pati pi gwo priyorite Gouvènè Hochul. Li rekonèt ke aksè a dlo pwòp enpòtan anpil pou kenbe sante kominote, anviwònman, ak ekonomi nou an. 272 milyon dola nan sibvansyon WQIP yo anonse jodi a pral ede kominote yo atravè eta a avanse travay ak maksimize investisman pou pwoteje rezèv dlo potab nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Pwen esansyèl nan 179 pwojè ke yo finanse nan faz sibvansyon sa a yo enkli:

Pwojè Amelyorasyon Dlo Ize

- **Vil Mount Vernon - 10 milyon dola pou Enfrastrikti Dlo Ize, Pwojè Debòdman Egou/Debòdman Egou Sanità Konbine (Mid-Hudson):** Pwojè a pral amelyore kalite dlo nan Rivyè Hutchinson nan amelyore devèswa dlo ize minisipal Mount Vernon pou anpeche dechaj dlo ize kri. Yon lòt 75,000 ki enkli nan anons REDC semèn pase a sipòte katografi sistèm egou tanpèt separe minisipal Mount Vernon lan pou anpeche ekoulman polye afekte kominote lokal yo ak anviwònman an.
- **Konte Chemung - 10 milyon dola pou yon Pwojè Konsolidasyon Izin Tretman Dlo Ize Distri Egou a (Southern Tier):** Finansman an pral sipòte efò konte a pou konbine de izin tretman dlo ize ki aje epi fè amelyorasyon ki pral ede satisfè nòm eta yo ak amelyore kalite dlo a lè yo redui nitwojèn ak fosfò yo dechaje nan Rivyè Chemung ak nan basen vèsan Chesapeake Bay la.
- **Vilaj Patchogue - 7.76 milyon dola pou Amelyorasyon Etablisman Tretman Dlo Ize Minisipal yo (Long Island):** Vilaj Patchogue pral itilize finansman an pou amelyore enstalasyon tretman dlo ize li a pou ogmante kapasite epi redwi kantite nitwojèn k ap antre nan Patchogue Bay la. Pwojè sa a sipòte objektif Plan Dlo Ize Sou-basen vèsan Konte Suffolk la.

Pwojè Rediksyon Sous Nonpoktyèl yo:

- **Vil Willsboro - 2.5 milyon dola pou yon Etablisman Tretman Dlo Desantralize (North Country):** Vil la pral abòde sistèm septik ki an defayans yo lè l konstwi yon sistèm tretman dlo ize desantralize ki pral amelyore kalite dlo lè li redwi eleman nitritif k ap antre nan Lake Champlain ak basen vèsan li a.
- **Vil Gates - 75,000 dola pou Katografi Sistèm Egou Tanpèt Separe Minisipal (Finger Lakes):**
Vil Gates nan Konte Monroe pral sèvi ak finansman Planifikasyon Sous Nonpoktyèl ak Sibvansyon Katografik MS4 pou konplete faz final katografi

konplè sistèm egou tanpèt separe minisipal reglemante yo, jan otorizasyon jeneral DEC a egzije pou sistèm dlo tanpèt yo.

Konte Erie - 152,400 dola pou yon Pwogram Distribisyon Barik Dlo Lapli (Rejyon Lwès New York): Konte Erie pral mete barik dlo lapli disponib pou pwopriyete pwopriyete yo nan zòn ki afekte pa debòdman egou sanitè yo nan konte Erie ak Niagara pou redwi volim dlo lapli ki enfiltre egou sanitè yo. Sèvi ak barik dlo lapli pou redwi ekoulman ki soti nan evènman tanpèt yo se yon pi bon pratik jesyon sous nonponktyèl ki pral redwi kantite polyan k ap antre nan vwa navigab ki toupre yo.

Pwojè akizisyon tè pou pwoteje sous dlo potab yo:

- **Fidisi Fonsyè New York Santral - 6.44 milyon dola pou Akizisyon Tè pou Pwoteje Skaneateles Lake (New York Santral):** Fidisi Fonsyè New York Santral pral achte uit pasèl ki totalize plis pase 154 kawo tè toupre Skaneateles Lake, ki se rezèv dlo potab pou Vil Syracuse. Yo pral retabli tè yo nan abita natirèl yo epi yo pral fini nenpòt travay ki nesèsè pou diminye ewozyon sòl la ak ekoulman dlo lapli nan sediman ak eleman nitritif yo nan basen vèsan Skaneateles Lake la.

Estokaj sèl:

Vil Canajoharie ak Palatine - 671,000 dola pou De Nouvo Etablisman Estokaj Sèl (Mohawk Valley): Vil Palatine (500,000 dola) ak Canajoharie (171,104 dola) nan Konte Montgomery yo chak pral konstwi yon nouvo batiman pou estoke sèl oswa melanj sèl/sab yo itilize pou sekirite wout pandan ivè. Estrikti sa yo pral pwoteje dlo anba tè ki toupre yo, pi dlo potab yo, ak dlo sifas yo kont enfiltrasyon sèl.

Restorasyon Koneksyon akwatik:

Trout Unlimited, Inc - 230,000 pou de pwojè Restorasyon Koneksyon Akwatik nan Konte Columbia (Rejyon Kapital): Trout Unlimited, Inc. pral travay ak vil Ghent pou ranplase de travèse kouran dlo nan Widow Creek epi ak Vil Copake pou ranplase yon ponso sou yon afliyan Bash Bish Brook. Ranplasman sa yo pral bese inondasyon epi retire baryè pou pwason ak lòt òganis akwatik pou plis pase nèf km abita dlo frèt nan konte Columbia.

Restorasyon Abita Maren:

- **Depatman Pak ak Lwazi Vil New York - 653,647 dola pou Amelyorasyon Abita nan Idlewild Marsh (Vil New York):** Depatman Pak ak Lwazi Vil New York la (New York City Department of Parks and Recreation) pral travay ak patnè pou amelyore omwen kat kawo tè marekaj Idlewild Preserve pou amelyore abita enpòtan pou zwazo, pwason, tòti ak lòt bèt sovaj.

Angajman New York pou Dlo Pwòp

New York kontinye ogmante envèstisman pou pwojè enfrastrikti dlo pwòp, ki gen ladan angajman san parèy Eta a ki koute 4 milya dola pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a dlo pwòp. An septanm, [Gouvènè Kathy Hochul te anonse](#) disponiblite 600 milyon dola nan kominote yo toupatou na eta a atravè Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA), Pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Project, WQIP), ak pwogram Sibvansyon Entèmispal (Intermunicipal Grant, IMG) pou finanse pwojè pou amelyore enfrastrikti ak fè kominote yo pi rezistan kont inondasyon ak lòt enpak tanpèt grav ak evènman move tan akoz klima a. Epitou dènyèman, [yo te anonse yon lòt 44.2 milyon dola](#) pou pwojè dlo potab ak dlo ize, [yo te anonse 83 milyon dola pou adrese kontaminan emèjan yo](#), epi semèn pase a, Gouvènè a te nonmen manm [Gwoup Travay sou Rediksyon Sèl nan Wout Adirondack la](#).

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou envestisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenan nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantal yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York investi nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch asandant, ki baze sou kominote, epi kreye yon pwosesis konpetitif pou yo jwenn aksè resous Eta a yo. W ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)